

# Fason Pou Prepare Finans ou Pou Achte Yon Machin Dezyèm Men

Achte yon machin dezyèm men se youn nan pi gwo angajman finansye ou te kapab pran. Konnen dwa ou konsènan dilè machin dezyèm men yo ak finansman.

## Dwa ou yo:

**1** Ou gen dwa pou achte yon machin nan pri yo te fè piblisite a. Dilè machin yo sipoze mete pri sou machin dezyèm men yo. Yon dilè machin dezyèm men pa ka vann ou yon machin nan pou plis pase pri yo te mete nan piblisite a, pri yo te pwopoze a, oswa pri ki afiche sou machin nan.

**2** Ou gen dwa pou ou konnen detay kontra finansman ou a avan ou siyen nenpòt bagay.

**3** Ou gen dwa pou yo ba ou divilgasyon ekri sou kondisyon enpòtan nan kontra finansman ou a. Lwa federal egzije pou ou jwenn divilgasyon ekri sou kondisyon yo tankou to pousantaj anyèl (APR), kantite lajan ou te dakò pou yo finanse, ak montan total w ap gen pou peye pou satisfè kondisyon kontra finansman an nèt.

**4** Ou gen dwa pou refize finansman oswa yon kredi yon dilè machin dezyèm men te aranje. Ou kapab peye lajan kach oswa al chèche finansman yon lòt kote.

**5** Ou gen dwa pou resevwa kredi san diskriminasyon. Dikriminasyon ki baze sou ras, koulè, reliyion, orijin nasyonal, sèks, eta sivil, laj, oswa si yon moun itilize asistans publik se yon bagay ki ilegal devan lwa federal.

## Dilè Machin Dezyèm Men yo Dwe:

**1** Gen yon lisans Depatman Afè Konsomatè NYC (NYC Department of Consumer Affairs, DCA) pou yo kapab opere. Dilèchip la dwe afiche lisans DCA a kote ou kapab wè li. Ou kapab rele 311 pou yo transfere ou bay DCA pou tcheke sou lisans dilèchip la ak plent yo te fè sou li.

**2** Afiche pri lavant total pou chak machin dezyèm men y ap ofri pou vann.

**3** Afiche yon Gid Achtè Komisyon Komès Federal (Federal Trade Commission, FTC) sou chak machin dezyèm men y ap ofri pou vann.

**4** Afiche yon règleman ranbousman nan biwo kote y ap vann machin nan.

**5** Kenbe dosye lavant, acha, ak depo yo resevwa.

**6** Sètifye chak machin yo vann nan yon bon kondisyon lè yo vann li a epi dakò pou repare nenpòt pwoblèm lè yo vann li a.

[KONSEY ENPÒTAN sou do a >](#)

## KONSEY ENPÒTAN

### **Avan Ou Vizite Yon Dilèchip:**

**Ou kapab jwenn konsèy pwofesyonèl sou finansman fas-a-fas gratis.** Rele 311 pou pwograme yon randevou ak yon konseye finansye ki kapab ede ou devlope yon bidjè pou w achte machin ou.

**Ou kapab tcheke kredi ou gratis nan annualcreditreport.com.** Anba Lwa Rapò Onèt Sou Kredi a (Fair Credit Reporting Act), ou kapab jwenn yon rapò gratis nan chak nan konpayi nasyonal yo (Equifax, Experian, TransUnion) yon fwa chak ane. Li enpòtan pou ou konnen sa ki sou kredi ou lè w ap prete lajan.

### **Avan Ou Siyen:**

Men kèk kesyon pou pou poze tèt ou ak dilè machin nan:

- “Èske mwen te machande ase kote? Èske se pi bon machin ak pi bon òf mwen kapab jwenn?”
- “Konbyen montan total mwen pral peye pou machin mwen an pandan tout tan kredi a dire?”
- “Èske mwen konprann kondisyon yo ki nan kontra finansman an?”
- “Konbyen mwen pral peye an plis pou finanse machin nan parapò ak si mwen te achte li ak lajan kach?”

### **Apre Ou Vizite Yon Dilèchip:**

**Ou kapab depoze yon plent nan Minisipalite vil la, kèlkeswa sitiayson ou ak imigrasyon.** Si ou kwè ou te peye twòp pou machin ou a oswa yon dilè machin dezyèm men te pwofite sou ou, depoze yon plent ak DCA nan nyc.gov/dca oswa kontakte 311.

### **Èske w ap Achte Yon Nouvo Machin?**

Komisyon Komès Federal la ak Pwokirè Jeneral Eta New York la gen enfòmasyon pou ede ou.

**Komisyon Komès Federal**  
consumer.ftc.gov  
202-326-2222

**Pwokirè Jeneral New York**  
ag.ny.gov  
800-771-7755



**Consumer Affairs**

Lorelei Salas  
Commissioner

Depatman Afè Konsomatè NYC (DCA) pwoteje epi amelyore lavi ekonomik toulejou Nouyòkè pou kreye kominate kap devlope.